



Kesyon moun poze souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

Diskriminasyon, arasman seksyèl ak lòt arasman, entimidasyon, ak bullying ant elèv

1 Kòman mwen ka rapòte bullying ak/oswa arasman seksyèl?

Si ptit ou a ap sibi bullying, li enpòtan pou enfòme lekòl ou a touswit pou li ka pran bon jan mezi pou asire konpòtman an pa kontinye epi pou ptit ou a jwenn sipò.

Elèv ak fanmi ka rapòte bullying ak arasman konsènan vyolans lè yo:

- Pote yon plent nan nenpòt lang sou entènèt nan schools.nyc.gov/Safety oswa atravè kont lekòl NYC ou a (NYC Schools Account, NYCSA) nan schoolsaccount.nyc
- Rele liy telefòn pou èd lekòl leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools, NYCPS) la, lendi rive vandredi, 8AM–6PM nan **718-935-2288**
- Voye imèl ba Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD) nan RespectforAll@schools.nyc.gov
- Di yon manm estaf lekòl la oswa kontakte lyezon Respect For All nan lekòl la
- Si enkyetid ou a se pou asèlman seksyèl oswa asèlman ki baze sou sèks yon moun, kontakte kowòdonatè Tit IX nou an nan **718-935-4987** oswa pa imèl nan [Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov](mailto>Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)

Apre paran/responsab fin rapòte ensidan an, yo ka mande administrasyon lekòl la pou ba yo nimewo l, yo rele tou nimewo sistèm pou rapòte ensidan ki rive sou entènèt (Online Occurrence Reporting System, OORS).

Apre yo fin fè yon rapò, yo dwe fè paran/responsab yo konnen sa pa pita pase de jou lekòl.

2 Èske rapò sou bullying ak asèlman yo konfidansyèl?

Lekòl ou an konnen rapò w la sansib, epi l ap fè tout efò pou kenbe rapò a konfidansyèl. Y ap pataje enfòmasyon sèlman lè sa nesesè pou yon ankèt oswa pou pwoteje sekirite elèv ak kominate lekòl nou an.

Yo enfòme paran/responsab sou ensidan pitit yo enplike ladan. Elèv yo dwe pale avèk lekòl yo si yo gen enkyetid pou yo enfòme paran/responsab yo sou yon rapò. Lekòl ka ede travay avèk elèv la ak paran/responsab epi bay yo sipò.

Si rapò a konsène yon krim, lekòl la dwe fè depatman lapolis Nouyòk la (New York Police Department, NYPD) konnen.

3 Kòman yo mennen ankèt sou plent yo?

Yon manm estaf lekòl ou a ap mennen ankèt sou plent ou a lè li:

- Pale apa avèk estaf, elèv oswa lòt moun ki enplike oswa ki temwen ensidan ki te pase a
 - Yo ka mande nenpòt enfòmasyon oswa prèv ki enpòtan, tankou videoyo, tèks mesaj, oswa afich sou rezo sosyal
- Mande moun ki te enplike oswa ki te temwen ensidan an pou prepare yon deklarasyon alekri

Lekòl la pral konsidere tout enfòmasyon li resevwa pandan ankèt li a epi pran yon desizyon sou sa ki te pase ak sou fason pou sipòtè pitit ou a.

4 Kòman yo pral enfòme mwen sou desizyon lekòl la pran apre ankèt la?

Lè ankèt la fini, y ap fè fanmi yo konnen rezulta a nan espas dis jou lekòl. Si sa nesesè, yo ka rekòmande elèv yo pou sèvis sipò.

Yo pral bay paran/responsab elèv ki te enplike nan yon ensidan sèlman enfòmasyon sou pwòp pitit li. Lekòl la pa pral bay fanmi enfòmasyon sou sipò oswa sanksyon yo pran kont yon lòt elèv.

5 Ki tip sipò lekòl mwen an ka bay si pitit mwen an santi li pa ansekirite oswa si li bezwen sipò, epi kòman mwen ta dwe mande sipò?

Ou ka mande sipò nan nenpòt moman, tankou avan, pandan, oswa apre lekòl la fin fè yon ankèt.

Gen plizyè fason lekòl ou a ka sipòtè bezwen endividyle pitit ou a. Pa egzanp, yo ka:

- Mete pitit ou a an kontak avèk yon konseye pedagojik, travayè sosyal, sikològ, oswa yon pwofesyonèl sante mantal nan kominate a.
- Ede ou eksploré sipò ak ajisteman akademik , tankou yon chanjman nan kou yo, manje midi/poz, oswa nan orè pwogram aprelekòl.
- Travay avèk pitit ou a pou konstwi yon plan sipò endividyle pou satisfè bezwen espesifik li yo, ki ka gen ladan sipò tankou randevou regilye avèk estaf espesifik lekòl pou bay sipò pandan yon tan pou asire konpòtman an sispann.

Si pitit ou a gen yon andikap epi ou enkyete paske yon ensidan ap afekte aprantisaj li, pale avèk ekip edikasyon endividyle (Individualized Education Program, IEP) pitit ou, ekip Seksyon 504, ak administratè lekòl la.

6 Ki resous ki disponib nan lekòl la ak andeyò lekòl la si pitit mwen an bezwen èd?

Lekòl ou a gen yon lyezon Respè pou tout moun (Respect for All, RFA) ak yon lyezon pou prevansyon arasman seksyèl (Sexual Harassment Prevention, SHP) ki devwe pou ede elèv ak fanmi bullying oswa asèlman afekte. Ou ka jwenn non yo nan seksyon "Kontak ak Enfòmasyon Lekòl la" nan paj lis lekòl ou a nan [schoolsearch.schools.nyc](#). Nou ka jwenn non yo tou sou afich ki sou tout mi nan lekòl la. Si yon paran/responsab oswa yon elèv gen kesyon pandan ankèt, li ka mande lyezon RFA oswa SHP oswa direktè a.

Pou kèk tip ensidan sou arasman seksyèl: Tit IX —yon lwa federal ki entèdi diskriminasyon ki base sou sèks nan nenpòt lekòl oswa pwogram edikasyon federal finanse—egzije pou ekip Tit IX NYCPS la mennen yon ankèt apa anplis ankèt lekòl la. Ankèt Tit IX la diferan avèk ankèt lekòl la. Yo pral fè w konnen si ekip Tit IX la ka fè ankèt ensidan an tou. Pou plis enfòmasyon sou Tit IX la, ale sou [schools.nyc.gov>TitleIX](#).

Si w fè eksperyans oswa temwen yon ensidan arasman, diskriminasyon, oswa bullying, tanpri fè ajan respè pou tout moun lekòl ou a, direktè lekòl la oswa yon adilt ki gen sousi pou ou konnen, ki pral fè pwochen etap ki apwopriye yo pou fè yon rapò.

Si w ta renmen rapòte ensidan an oumenm, tanpri itilize youn nan opsyon sa yo:

- Rele nouvo liy dirèk kont-rayisman nou an nan **718-935-2889**, lendi rive vandredi, ant 8 a.m. ak 6 p.m. Ou ka fè rapò a san ou pa bay non w.
- Fè yon rapò nan [nycenet.edu/BullyingReporting](#) pou nenpòt ensidan ant elèv
- Fè yon rapò nan [nycenet.edu/OEO](#) pou nenpòt ensidan ki gen rapò avèk estaf
- Ou ka voye imèl ba nou nan RespectForAll@schools.nyc.gov oswa rele liy P311 pou sipò bullying nan **718-935-2288**

Si w ta prefere pale avèk yon moun ki pa nan lekòl ou a:

- **NYC 988** bay Nouyòkè tout laj sipò sante mantal konfidansyèl, gratis . Pale avèk yon konseye pa telefòn, tèks oswa chat epi jwenn aksè nan sèvis sante mantal ak izaj dwòg 24 sou 24, 7 jou sou 7:
 - Rele oswa voye tèks nan: **988**
 - Chat kounye a: [988lifeline.org/Chat](#)
 - Jwenn sèvis: [nyc.gov/988](#)

Tanpri ale sou [schools.nyc.gov/RespectForAll](#) oswa mande lekòl ou a dirèkteman plis enfòmasyon sou diferan opsyon sipò ki disponib pou fanmi ou.

7 Kòman mwen ka jwenn asistans si mwen bezwen plis èd pase sa lekòl ou a bay?

Si w bezwen plis asistans pase sa lekòl ou a bay la, ou ka fè nenpòt nan bagay sa yo:

- Voye yon plent pou mande èd anplis sou entènèt nan [nycenet.edu/BullyingReporting](#)
- Pale avèk lyezon respè pou tout moun ou an oswa yon adilt ki gen sousi pou ou.
- Pou kontakte biwo respè pou tout moun lan voye yon imèl nan RespectForAll@schools.nyc.gov
- Ranpli Fòm demand asistans estaf pou sitiayson ki grav (Escalation Staff Assistance Request Form), ou ka jwenn li sou entènèt nan [schools.nyc.gov/RespectForAll](#) anba tit èd pou sitiayson ki grav ("Escalation Assistance.") Imèl fòm ou ranpli a bay Kowòdonatè sipò pou fanmi ki nan distri lekòl ou a; w ap jwenn adrès imèl li nan [schools.nyc.gov/Superintendents](#).

8 Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou règleman ak pwosedi NYCPS konsènan ensidan sou bullying ak arasman?

Pou plis enfòmasyon sou règleman ak pwosedi NYCPS, tanpri gade Règleman Chanselye **A-831** ak **A-832** (schools.nyc.gov/VolumeA).